

## BAB 1 BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Di Désa Jayagiri, Kacamatan Lembang, Kabupatén Bandung Barat, masarakatna masih kénéh ngalaksanakeun warisan karuhun Sunda. Di antarana nya éta masarakatna téh masih ngalaksanakeun kapercayaan-kapercayaan karuhunna. Sanajan kaayaan masarakatna geus kapangaruhan ku modérnisasi, tétéla teu matak ngalunturkeun kapercayaan kana ajén-inajén tradisi. Salahiji ajén-inajén warisan karuhun anu dipercaya, ngandung siloka jeung maksud anu jéro nya éta pamali.

Niténan pola pikir masarakat Sunda di Désa Jayagiri, Kacamatan Lembang, Kabupatén Bandung Barat kana warisan karuhun ayeuna geus béda jeung sawangan baheula. Kitu deui sawangan kana mitos pamali ayana sawangan antara generasi kolot jeung sawangan generasi ngora. Dina sawangan generasi kolot, pamali masih kénéh dipercaya tur dipatalikeun jeung kakuatan-kakuatan supranatural, sedengkeun dina sawangan generasi ngora pamali geus teu pati dipercaya. Ari teu dipercayana téh lantaran ceuk sawangan generasi ngora, pamali teu asup diakal sarta miboga harti anu teu logis. Padahal dina jihad séjén, pamali téh disawang hiji kaarifan lokal nu ngandung rasionalitas tradisional nu aya patalina jeung ajén atikan moral, sosial, jeung agama.

Dina kaarifan lokal anu disebut pamali nyampak aturan anu teu tinulis anu dipaké pikeun mageran kahirupan manusa anu kudu dumasar kana norma-norma agama jeung norma-norma sosial. Dumasar kana *Kamus Basa Sunda* Danadibrata (2009, kc. 489) pamali nya éta larangan sepuh urang anu maksudna teu meunang ngalakukeun hiji pagawéan lantaran sok aya matakna. Sumebarna pamali kalawan tatalépa (sacara lisan) di masarakat téh biasana dibarengan ku kecap mitos.

Istilah mitos asalna tina basa Yunani *mythos* atawa *mite* dina basa Walanda *mythe* nya éta carita prosa rahayat anu nyaritakeun kajadian jaman heubeul, anu ngandung penafsiran ngeunaan alam semesta, sarta mahluk anu aya dijeron, sarta

Sri Apriyanti , 2015

**PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dianggap bener-bener lumangsung ku penganutna. Nurutkeun Levi Strauss (Lane dina Ahimsa-Putra, 2001, kc. 67) sagala rupa kagiatan sosial anu lumangsung di hiji masarakat anu hasilna saperti dongéng, upacara-upacara, sistim duduluran sarta perkawinan, pola tempat dumuk, pakéan, jrrd éta kaasup rupa-rupa hal anu méré pesen atawa tanda anu di masarakat dianggap mitos.

Fungsi pamali pikeun ngatur sagala tingkah polah manusa dina ngalakonan kahirupan. Ku ayana pamali manusa jadi taat aturan, lantaran aya kasieun, sieun mamala atawa meunang akibat. Sok sanajan kitu, éta pamali téh tangtuna aya maksud pikeun kasalmetan atawa kahadéan manusana.

Pamali téh minangka folklor sabagian lisan. Nurutkeun Dundes (Danandjaja, 1984 kc. 1) folklor nya éta sabagian kabudayaan koléktif anu sumebar diwariskeun turun-tinurun tina rupa tradisi lisan, conto anu dibarengan ku gerak isarat atawa alat pembantu ingetan. Wangun folklor anu kaasup kana kelompok sabagian lisan nya éta, kapercayaan rahayat (*folk belief*), jeung kaulinan rahayat (Danandjaja, 1984 kc. 153). Kapercayaan rahayat (*folk belief*), anu ku urang Barat disebut teu dumasar kana logika, sacara ilmiah teu bisa dipertanggungjawabkeun bebeneranana sacara intelektual.

Kapercayaan hiji kelompok atawa masarakat kana pamali lain pedah euweuh alesan cecekelan anu kuat, tapi aya sabab-akibat dina éta perkara téh. Kapercayaan anu tumuwuh di masarakat harita yén bakal aya balukarna saupana pamali teu dilaksanakeun atawa dirémpak. Para karuhun Sunda di jaman baheula tétéla geus boga padika pikeun nangtukeun papagon hirup anak, incu, buyut katut turunanana. Dina ngalarapkeun papagon-papagon hirup, budak wajib narima sarta kudu tuhu kana aturan ti kolot. Nyoko kana éta istilah pamali téh ngandung ajén palsafah jeung ajén mitos (*myth*).

Pamali téh ngandung harti anu teu sagawayah, aya kasang tukang di jérone, anu leubeut pisan ku ajén-inajén jeung falsafah hirup. Conto pamali ceuk kolot baheula anu aya di masarakat nya éta *ulah cicing dina lawang panto engké bakal hésé meunangkeun jodo (nongtot jodo)*. Harti nu nyangkaruk dina éta pamali maksudna mah lamun urang cicing di lawang panto bakal ngahalangan

Sri Apriyanti , 2015

**PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

batur anu ngaliwat; teu pantès hiji budak boh lalaki, boh awéwé, diuk ngajentul dina lawang panto. Kapan aya tempat anu leuwih hadé atawa mereunah diuk, nya éta misalna dina korsi atawa tempat séjén nu leuwih pantès. Hal ieu aya patalina jeung ahlak atawa ajén étika.

Pikeun urang Sunda loba ajén-inajén pamali anu marengan dina proses daur hirup (*life cycle*) di mimiti lahiran, sunatan, nikah nepi ka maot. Dumasar *Kamus Basa Sunda* Danadibrata (2009, kc. 162) daur nya éta asalna tina basa Arab anu harti sabenerna buleudan, dina basa Walanda *cirkel*; alam~keleweng buleudan langit anu gedéna tanpa wangenan. Harti kecap hirup dina Danadibrata (2009, kc. 258) nya éta boga kénéh nyawa, katémbong gerak robahna jelema, sato, atawa héwan.

Salasahiji mitos pamali anu sumebar di masarakat Sunda dina proses daur hirup manusa nya éta mitos kapamalian dina ngalakonan kakandungan. Daur hirup (*life cycle*) kalahiran hiji manusa di deui di mimitian ti kakandungan nepi ka ngajuru. Wanoja Sunda anu keur reuneuh dara (reuneuh mimiti) biasana sok loba pantrangan-pantrangan anu teu meunang dirémpak sarta dipercaya benerna. Contona nya éta *teu meunang ngadahar intip, bisi bali orok kaluarna hésé; teu meunang ngadahar tutut, bisi tunduh dina waktu keur ngalahirkeun; teu meunang diuk nyanghunjar, bisi engké ngajuru éta orok suku ti heula (sungsang) jrrd.* Sagala rupa kapamalian dina éta kakandungan miboga fungsi sarta mangpaat, utamana pikeun ngariksa kakandungan awéwé nu keur reuneuh. Eusi pantrangan atawa pamali éta siga anu nyingsieunan, padahal di dinya aya maksud anu nyamuni. Dina éta pamali nyampak ajén atikan tradisional anu kudu diturut tur disurahan kalawan wijaksana.

Pikeun maluruh peran penting mitos pamali dina daur hirup manusa, hususna pamali dina kakandungan jeung silokana anu aya di masarakat diperlukeun hiji panalungtikan anu jero tur daria, sabab ieu mitos pamali dina kakandungan téh kacida pentingna pikeun sakabéh jalma, boh awéwé boh lalaki, anu tangtuna bakal ngalaman proses kahirupan rumah tangga. Ku kituna perlu dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan pamali di masarakat. Hasil dina ieu

Sri Apriyanti , 2015

**PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

panalungtikan ogé dipiharep bisa jadi bahan pangajaran. Dina SKKD taun 2006, SMA kelas XII aya bahasan perkara budaya. Ku kituna ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

Panalungtikan nu ngaguar perkara kapamalian saméméhna geus dilakukeun diantarana: 1) “Ajén Atikan dina Foklor Kapamalian anu aya di Désa Tanjungwangi Kecamatan Cicaléngka Kabupatén Bandung (Ulikan Sémiotik)” ku Diani Permasih (Mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Daerah 2010); 2) “Hubungan Pamali Sebagai Tradisi Lisan Dengan Kesehatan Manusia” ku Vishy Eka, Resti Saraswati, Nurmitha Atmia (Mahasiswa Departemen Sains Komunikasi dan Pengembangan Masyarakat, Fakultas Ekologi Manusia, Institut Pertanian Bogor 2014); 3) “Fungsi Upacara Pamali Manggodo dalam Aktivitas Pertanian Tradisional di Desa Sambori Kec. Lambitu Kab. Bima” ku Sardani (Mahasiswa Departemen Antropologi, Fakultas Ilmu Sosial dan Ilmu Politik, Universitas Hasanuddin Makasar 2013).

Tina judul-judul di luhur katitén tacan aya pananglutikan anu husus maluruh ngeunaan pamali dina kakandungan. Ku kituna, perlu dilaksanakeun panalungtikan kana éta hal. Ieu panalungtikan dijudulan *Pamali dina Kakandungan anu aya di Désa Jayagiri, Kacamatan Lembang, Kabupatén Bandung Barat pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel Budaya di SMA Kelas XII*.

## 1.2 Rumusan Masalah

Ieu panalungtikan téh museur kana mitos pamali ngeunaan kakandungan anu aya di masarakat Désa Jayagiri. Sangkan teu lega teuing ambahanana. Ku kituna, ieu panalungtikan dirumuskeun kalayan sababaraha patarosan ieu di handap:

- 1) Naon waé pamali dina kakandungan anu aya di Désa Jayagiri?
- 2) Kumaha adat ngariksa kakandungan di Désa Jayagiri?
- 3) Kumaha harti jeung fungsi pamali dina kakandungan pikeun masarakat Désa Jayagiri?

Sri Apriyanti , 2015

**PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 4) Kumaha larapna hasil ieu panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca artikel kabudayaan di SMA kelas XII?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, dina ieu panalungtikan téh miboga dua tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus. Tujuan umum dina ieu panalungtikan nya éta sangkan bisa ngaguar sacara leuwih jero deui naon éta pamali dina kakandungan.

Anu jadi tujuan husus ieu panalungtikan nya éta pikeun:

- 1) maluruh rupa-rupa pamali dina kakandungan anu aya di Désa Jayagiri.
- 2) méré informasi ka balaréa kumaha adat ngariksa kakandungan anu aya di Désa Jayagiri.
- 3) méré informasi ka balaréa yén pamali ngandung siloka, maksud, fungsi sarta mangpaat pikeun kahirupan.
- 4) larapnana hasil panalungtikan ngeunaan pamali dina kakandungan pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.

### 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Tangtuna dina unggal panalungtikan miboga mangpaat keur balaréa. Mangpaat dina ieu panalungtikan téh dirumuskeun jadi dua anu ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis nya éta:

#### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nya éta pikeun ngeuyeuban pangaweruh hususna pikeun para siswa yén pamali miboga ajén anu adi luhung sabab ajén-inajén pamali anu aya dijerona téh jembar.

#### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan bisa katitén saperti ieu dihandap:

- 1) pikeun panalungtik sarta masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan ajén-inajén anu nyangkaruk dina pamali kakandungan.

Sri Apriyanti , 2015

**PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa dipaké pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA kelas XII.
- 3) pikeun siswa, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré informasi jeung nambahan pangaweruh ngeunaan kapamalian dina kakandungan anu dimana sagala mitos pamali téh ngandung siloka anu jéro, maksud, sarta ngandung ajén-inajén anu adi luhung, warisan ti karuhun anu kudu diajénan salaku generasi anyar.

### **1.5 Sistematika Tulisan**

Sistematika tulisan miboga fungsi pikeun méré gambaran kana prak-prakan panalungtikan. Ku kituna, sistematika tulisan dina ieu panalungtikan ngawengku 5 bab diantarana nya éta:

#### **BAB I: Bubuka**

Bab 1 mangrupa bubuka anu eusina ngawengku: 1) kasang tukang masalah; 2) rumusan masalah; 3) tujuan panalungtikan; jeung 4) mangpaat panalungtikan

#### **BAB II: Kajian Pustaka**

Bab 2 mangrupa tiori-tiori anu jadi dasar panalungtikan, nya éta medar budaya, folklor, pamali, mitos, jeung bahan pangajaran.

#### **BAB III: Méthode Panalungtikan**

Bab 3 eusina mangrupa méthode panalungtikan anu ngawengku: 1) desain panalungtikan; 2) méthode panalungtikan; 3) wangenan operasional; 4) sumber data; 5) instrumén panalungtikan; jeung 6) téhnik panalungtikan.

#### **BAB IV: Hasil Panalungtikan jeung Pembahasan**

Bab 4 nya éta ngadeskripsikeun hasil tina panalungtikan jeung pembahasan, eusina mangrupa data-data anu geus diolah, tangtuna hal éta anu aya pakuat-pakaitna jeung masalah panalungtikan, di antarana waé pembahasan

Sri Apriyanti , 2015

**PAMALI DINA KAKANDUNGAN ANU AYA DI DESA JAYAGIRI KACAMATAN LEMBANG KABUPATEN BANDUNG BARAT DI SMA KELAS XII**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ngeunaan rupa-rupa pamali dina kakandungan anu aya di Désa Jayagiri, Kacamatan Lembang, Kabupatén Bandung Barat.

## **BAB V: Kacindekan jeung Saran**

Bab 5 médar ngeunaan kacindekan jeung saran, anu eusina mangrupa kacindekan panalungtik kana hasil analisis panalungtikanana. Sarta saran anu aya di ieu bab diajukeun pikeun pihak-pihak anu aya patalina dina panalungtikan.